



Prevansyon kont maladi kote yo gade chen


Pratik biyosekirite pou gadri chen, kote yo kenbe bèt yon ti tan, e moun ki pran swen bèt

Anpeche maladi antre nan lokal yo grasa egzijans ki strik anrapò ak vaksinasyon ak biyosekirite

Prevansyon kont risk maladi

1. Poze kesyon sou sante e evite bèt ki malad

- Pèsonèl la dwe cheche konnen eta sante chen an anvan yo aksepte l.
"Kòman "ti toutous" la santi l sèdènyetan?"
- Pèsonèl la dwe gade bèt la pou wè si l bay siy li malad (touse, estènen, nen k ap koule, vomi, dyare, gwo dòmi). Yo pa dwe kite bèt ki bay siy yo malad yo antre nan lokal la. Yon veterinè dwe egzamine bèt yo anvan yo antre. Fè kliyan yo konn politik sa a.



2. Evite maladi a gaye

- Yon bèt ka bay yon lòt bèt maladi lè bèt ki malad
- la oswa likid ki sot nan kò l (twalèt, pipi, likid ki soti lè l touse/estènen, krache, elatriye) vin an kontak ak lòt bèt. Bagay ki kontamine ak likid ki soti nan kò bèt la, tankou bagay li kouche, jwèt, men moun k ap pran swen l, rad li, bagay li met nan pye l, elatriye ka reprezante menm risk yo.
 - Yo dwe met bèt ki bay siy yo malad yo nan yon zòn kote yo pa gen aksè ak lòt bèt. Yo dwe retire bèt ki malad yo nan etablisman an san pèdi tan. Prevwa yon lòt plan si toufwa mèt bèt la pa ka vin pran bèt la san pèdi tan. Yon veterinè dwe egzamine bèt ki malad yo.
 - Rezève yon kote pou mete bèt ki vin malad la. Sèvi ak ekipman yo rezève pou sa (bòl, jwèt, bagay pou kouche, materyèl netwayaj, elatriye) nan zòn ki gen bèt ki malad la. Byen netwaye epi dezenfekte zòn sa a apre bèt la fin kite lokal la e anvan yo retire kèlkeswa ekipman an nan zòn sa a.

3. Redui pou bèt yo ansanm e pou yon bagay pa vin kontamine yon lòt

- Yo dwe loje diferan gwoup bèt yo apa (pa egzanp, bèt ki gen menm gwosè oswa tanperaman). Rezève zòn ki pou chak gwoup e rezève ekipman pou chak zòn yo loje bèt yo.
- Anplwaye yo dwe lave men yo ak savon ak dlo cho apre yo fin manyen chen yo e lè yo pral gen kontak ak lòt gwoup bèt.
- Netwaye e dezenfekte zòn bèt yo ye anvan w mennen lòt bèt vin nan espas sa a.

Vaksinasyon

- Vaksinasyon efikas anpil pou fè prevansyon kont maladi lè gen gwo risk pou chen yo malad paske y ap viv menm kote. Pwopriyetè ak moun k ap jere enstalasyon yo dwe pale ak veterinè a sou vaksinasyon yo rekòmande (sa gen ladan l chak ki lè).
- Asire tout chen ki antre nan lokal la te pran vaksen kont raj la epi yo gen lisans ki apwopriye a.
- Maladi ki se danje pou chen se: Distanpe, Adenoviris kanin tip 1 ak 2, Pavoviris, Parainfliyenza, Bòdeteya, Infliyenza H3N8, Infliyenza H3N2, ak Leptospiwoz.



Abitid pou netwaye ak dezenfekte anpeche maladi gaye

1. Yo dwe netwaye lojman pou bèt, espas pou jwe, jwèt ak ekipman yo itilize pou ba yo manje ak bwè yo chak jou oswa pi souvan si nesesè.

2. Yo dwe netwaye twalèt bèt yo byen vit, epi elimine yo pou anpeche lòt bèt vin an kontak avèk yo.

3. Yo dwe stoke materyèl yo lwen zòn ki gen bèt yo oswa nan kontènè yo ka netwaye e dezenfekte byen fasil.

4. Sifas ki sal oswa ki gen pousyè, bwa yo pa travay yo, ak sifas ki gen mak oswa ki wouye, se kote ki difisil pou netwaye e dezenfekte, e yo kapab gen bakteri ki ka lakòz maladi. Elimine twal arenyen ak pousyè ki genyen. Netwaye sifas ki kontamine yo. Pentire oswa met bagav sou bwa a pou pwoteje li.

Repare, pentire, oswa ranplase metal ki wouye a.



Enstriksyon pou netwaye ak Dezenfekte

1. Retire tout bèt yo nan zòn y ap netwaye e dezenfekte yo. Yo dwe deplase bèt yo pou mete yo nan kaj/zòn ki deja netwaye e dezenfekte.

2. Netwayaj san dlo: elimine twalèt, plim, salte, fèy, zèb, elatriye nan sifas y ap netwaye epi dezenfekte yo.

3. Netwayaj ak dlo: fwote ak savon e dlo cho, epi kite yo sèch.

4. Dezenfekte: Pwodui alabaz Pewozid idwojèn akselere (AHP) pi bon e pi efikas pase lòt dezenfektan yo (tankou klowòks). Sèvi ak dezenfektan ou chwazi a lè w suiv enstriksyon ki sou etikèt la. Veye ak prekosyon yo bay pou sekirite yo, kalite sifas la, kantite tan l ap gen kontak avèk li, fason pou dilye l epi stoke l. Pa melanje diferan dezenfektan ansanm.

5. Rense epi kite zòn nan seche. Li difisil anpil pou dezenfekte zòn ki rete imid yo.

Anpeche maladi gaye nan mitan chen w ap pran swen yo. Egzije pou yo fè vaksinasyon kont maladi trapan ki genyen yo, pa kite bèt ki malad antre nan lokal ou a, separe yo an gwoup, e netwaye ak dezenfekte zòn yo ak ekipman yo chak jou.



Si w gen kesyon, enkyetid, oswa w bezwen fè konnen yon epidemi maladi, tanpri rele Depatman Resous Agrikòl Massachusetts

Seksyon Sante bèt nan 617-626-1795.